

Planifye Lavni Ou: Tranzisyon pou Laj Adilt

Gen 18 an se yon gwo bagay! Lè ou gen 18 an, yo konsidere ou kòm yon granmoun nan Karolin di Nò. Ou ka fè chwa nan lavi ou konsènan edikasyon ou, kote ou rete, ki doktè ou wè, sa ou pral fè ak lajan ou, ak anpil lòt bagay. Anba la a, gen kèk bagay ou dwe reflechi sou yo pandan w ap vin yon granmoun. Gen lyen nan fen chak seksyon pou ou klike sou yo pou aprann plis sou chak sijè. Si ou gen yon kopi enprime nan fèy enfòmasyon sa a, eskane kòd QR sa a ak kamera telefòn ou pou wè fèy enfòmasyon sa a sou telefòn ou epi pou ou ka klike sou lyen yo.



Kat idantite ak foto – Ou bezwen yon kat idantite ak foto ki valab, tankou yon lisans chofè (si ou satisfè kondisyon yo), oubyen yon kat idantite ki soti nan DMV (tankou yon REAL ID ak yon etwal). Kat idantite lekòl yo ka pa aksepte pou itilizasyon ofisyèl kounye a ou vin yon granmoun. Ou pral bezwen kat idantite sa a pou jwenn yon travay, al kay doktè, louvri yon kont labank, vote nan eleksyon, oubyen monte nan yon avyon Ozetazini.

<https://www.ncdot.gov/dmv/real-id-wizard/Pages/default.aspx>

Kont Labank – Yon kont labank se yon kote ki an sekirite pou kenbe lajan w olye pou w pote lajan kach. Ou ka itilize yon kont labank pou ekonomize lajan, touche lajan nan yon travay, achte bagay ak yon kat debi, peye bòdwo, epi kontwòle konbyen lajan ou genyen. Si ou poko gen 18 an, oswa si ou ta renmen èd pou jere lajan w, ou ka chwazi pou yo ajoute yon granmoun ou fè konfyans (tankou yon paran oswa yon lòt moun ou fè konfyans) nan kont ou. Si ou resevwa benefis tankou Revni Sekirite Sipleman (SSI) oswa Medicaid, gen règ sou konbyen lajan ou ka kenbe nan kont labank ou. Gen pwogram epay espesyal, tankou yon kont ABLE, ki pèmèt anpil moun ki andikapè ekonomize lajan san afekte benefis yo. Gade enfòmasyon sou kont ABLE yo isit la:

<https://www.ssa.gov/ssi/spotlights/spot-able.html>

Enskri pou Vote – A laj 18 an, ou ka enskri pou vote. Ou ka vote nan eleksyon lokal, eta, ak federal. Sa gen ladan vote pou Prezidan Etazini. Ou toujou gen dwa vote menm si ou gen yon gadyen legal. Klike la a pou aprann kijan pou enskri pou vote nan NC: <https://www.ncsbe.gov/registering/how-register>. Klike la a si ou bezwen èd pou jwenn yon kat idantifikasyon (ID) pou vote: <https://voteriders.org/freehelp/>

Sèvis Selektif – Si yo te anrejistre w kòm gason lè w te fèt, ou dwe enskri nan Sèvis Selektif yo, menm si ou gen yon andikap. Yon paran oswa yon moun k ap pran swen ou ka ede ou ak pwosesis sa a. Ou ka enskri sou entènèt nan: <https://www.sss.gov/register>

Tranzisyon pou Swen Sante pou Granmoun – Pandan w ap grandi, ou pral chanje soti nan doktè ki pran swen timoun pou rive nan doktè ki pran swen prensipalman granmoun. Sa rele tranzisyon pou swen sante pou granmoun. Pandan w ap grandi, ou ka aprann plis bagay sou sante w epi patisipe nan pran desizyon konsènan swen w nan fason ki pi byen mache pou ou. Ou ka mennen yon paran, yon moun k ap pran swen w, oswa yon lòt moun ou fè konfyans avèk ou nan randevou w yo si w vle. Fanmi w ak moun k ap pran swen w yo ka kontinye sipòte w pandan w ap vin yon granmoun. Doktè w oswa klinik ou a ap eksplike w ki moun ki ka wè enfòmasyon sante w yo epi ki moun ki ka ede w pran desizyon sou swen sante w. Selon laj ou, lalwa eta a, epi si yon paran oswa yon lòt moun se gadyen legal ou oswa si li gen pèmasyon w, paran w oswa moun k ap pran swen w lan ka gen aksè a enfòmasyon sante w yo epi rete avèk ou pandan randevou yo. Si w gen kesyon, mande ekip swen sante w la epi yo ka eksplike w dwa w yo, tankou Lwa sou Transparans ak Responsablite Asirans Sante (HIPAA), epi ede w deside ki moun ou vle patisipe nan swen w lan. Gade plis enfòmasyon sou tranzisyon pou swen sante pou granmoun isit la:

<https://www.gotttransition.org/>

Travay – Gen yon travay se yon bon fason pou fè lajan, aprann nouvo konpetans, rankontre moun epi vin pi endepandan. Si w bezwen èd pou jwenn yon travay, aprann konpetans pwofesyonèl, oswa kòmanse pwòp biznis ou, Divizyon Anplwa ak Endepandans pou Moun ki Andikape (EIPD) (ansyen Reyabilitasyon Vokasyonèl) ka ede w. Gen kèk moun ki pa kapab travay apentant oswa ki bezwen sipò finansye siplemantè. Ou ka kalifye pou Revni Sekirite Siplemantè (SSI) oswa lòt benefis. Si w resevwa SSI oswa Medicaid, li enpòtan pou w aprann kijan travay ka afekte benefis ou yo. Ou kapab aprann tou sou pwogram ki ede w travay epi ekonomize lajan. Aprann plis nan North Carolina Disability Benefits 101: <https://nc.db101.org/>. Ou kapab tou eksplòre Twous Zouti Anplwa Work Together NC a:

<https://worktogethernc.com/resource/an-employment-toolkit-for-people-with-intellectual-and-developmental-disabilities/>

Kolèj – Pafwa moun yo rele kolèj oswa edikasyon ou resevwa apre ou fin gradye nan lekòl segondè "edikasyon apre lekòl segondè (edikasyon pòs-segondè)". Ale nan kolèj kapab yon bèl eksperyans epi li kapab ede w jwenn konpetans ou bezwen pou jwenn yon travay. Ou ka aprann yon metye ki ka prepare w pou yon travay nan sètèn domèn enterè tankou plonbri, sekirite sibernetik, ak anpil lòt domèn. Eksplòre divès travay oswa enterè epi konekte ak yon kolèj kominotè pou aprann plis. Ou kapab tou etidye pou w jwenn yon diplòm nan domèn tankou biznis, enfimyè, ak anpil lòt ankò. Si ou vle ale nan kolèj, gade diferan lekòl, fè vizit kanpis, epi konekte ak Biwo Sèvis pou Andikape si w bezwen sipò pou ede w reyisi. Work Together NC gen yon twous zouti pou Edikasyon Pòs-Segondè sou sit entènèt yo. Ou ka wè l isit la:

<https://worktogethernc.com/resource/whats-next-college-a-guided-exploration-of-nc-inclusive-postsecondary-options-for-students-with-disabilities/>

Fè Chwa – Antanke granmoun, ou pral fè chwa sou plizyè aspè diferan nan lavi ou, tankou kote ou rete, kote ou travay, swen sante ou, ak lajan ou. Gen anpil diferan fason pou jwenn èd pou pran desizyon konsènan lavi ou si ou bezwen li. Si ou sèlman bezwen yon ti sipò, yon Plan pou Pran Desizyon ak Sipò (SDM) ka yon bon opsyon. Avèk yon Plan SDM, ou chwazi moun ou fè konfyans pou ede ou konprann chwa ou yo, reflechi sou opsyon ou yo, epi pran desizyon. Ou toujou moun k ap pran pwòp desizyon ou yo. Gen kèk moun ki bezwen plis sipò pase sa yon Plan SDM ka bay. Nan sitiyasyon sa yo, lòt opsyon, tankou yon Pwokirasyon (Power of Attorney) oswa yon titèl legal, ka apwopriye. Opsyon sa yo bay yon lòt moun diferan nivo otorite legal pou ede ak desizyon yo oswa, nan kèk sitiyasyon, pran desizyon pou ou. Bezwen ou yo ka chanje sou tan, epi kantite sipò ou bezwen an ka chanje tou. Pale ak yon granmoun ou fè konfyans, tankou yon manm fanmi, yon zanmi, yon pwofesè, yon responsab dosye, oswa yon lòt pwofesyonèl, pou aprann sou opsyon ou yo epi deside ki kalite sipò ki bon pou ou. Ou ka li plis bagay sou Sipò pou Pran Desizyon, Pwokirasyon (Power of Attorney) ak lòt altènativ pou titèl legal isit la:

<https://rethinkingguardianshipnc.org/wpcontent/uploads/sites/3/2025/04/Supporting-Choice-and-Self-Determination-Resource-Guide-03-21-25.pdf>. Ou ka li plis bagay sou pwosesis titèl legal la isit la:

<https://www.nccourts.gov/help-topics/guardianship/guardianship>

Si ou gen lòt kesyon oswa ou ta renmen pale ak yon edikatè paran, tanpri ranpli fòm kontak edikatè paran sa a,

<https://www.ecac-parentcenter.org/contact-a-parent-educator>



1-800-962-6817
ecac@ecacmail.org
www.ecac-parentcenter.org



This initiative is supported through the NC Division of Child and Family Well-Being, Whole Child Health Section

ECAC is not a legal services agency. We cannot and do not provide legal representation or advice, and information contained in this document should not be considered as such. This document is supported by the Health Resources and Services Administration (HRSA) of the U.S. Department of Health and Human Services (HHS) as a part of an award totaling 96,750 with 0 percentage financed with non-governmental sources. The contents are those of the author(s) and do not necessarily represent the official views of, not an endorsement, by HRSA, HHS, or the U.S. Governments. For more information, please visit HRSA.gov.